# ГОМ ÆНÆРЫНЦОЙ АХУЫРАДОН АРХАЙДЫ КОНСПЕКТ

# БАЦÆТТÆГÆНÆН КЪОРДЫ САБИТИМÆ

**ТЕМÆ:** **КЪОСТА – ИРЫСТОНЫ УАРЗОН ХЪÆБУЛ**

**НЫСАНТÆ:** - Иумæйаг бакæнын сабиты зонындзинæдтæ Хетæгкаты Къостайы тыххæй; зæрдыл æрлæууын кæнын йæ зонгæ уацмыстæ. Сфæлхатын æмæ ныффидар кæнын фæззæджы нысантæ. Ахуыр сæ кæнын, дзуапп дæтгæйæ, даргъ хуыдыйæдтæй пайда кæнын, грамматикон æгъдауæй сæ раст аразгæйæ. Сæ царды хабæрттæ дзурынмæ сæ разæнгард кæнын.

- Парахат кæнын сабиты зылдкаст, логикон хъуыдыкæнынад, лæмбынæгдзинад, зæрдылдард, баст ныхас. Сæ ныхасы уагахаст æнгасджын куыд уа, ууыл кусынын. Иумæ зæрдиагæй куыд архайой, кæрæдзи куыд нæ хъыгдарой, уыцы дæсныдзинад рæзын кæнын.

- Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ гуырын кæнын. Ирыстоны номдзыд æмæ кадджын адæмæй сæрыстыр куыд уой, аргъ сын куыд кæной, сæ бафæзмынынмæ куыд тырной, уыцы хуызы хъомыл кæнын сабиты.

**ДЗЫРДУАТ:** *курдиат, поэт, нывгæнæг, тæлмацгæнæг, къалати, хъан*

**ÆРМÆГ:**

- ✓ мультимедион презентаци «Къоста» ахæм аппимæ: (хуызистытæ Къоста йæхæдæг, йæ мад æмæ йæ фыды портреттæ, Нары хъæу, Къостайы райгуырæн хæдзар-музей, чиныг «Ирон фæндыр», Алагиры æмæ Дзæуджыхъæуы Къстайы номимæ баст бынæттæ, йæ конд нывты репродукцитæ);

- ✓ кубикты дыууæ æмбырды, сæ фæрстыл нывты хицæн хæйттæ баснятæм гæсгæ («Халон æмæ рувас», «Брæгъ æмæ хърихъупп»);
- ✓ мнемонывтæ æмдзæвгæ «Фæззæг»- мæ гæсгæ;
- ✓ сабитимæ конд мультфильм «Цъиу æмæ сывæллæттæ»;
- ✓ егъау экран, проектор, ноутбук, хъæрæйдзурæн, мобилон телефон æфтуан «Ирон чиныг»- æй спайда кæнынмæ.

## АХУЫРЫ НЫВÆСТ:

**I.** Байхъусын Къостайы æмдзæвгæмæ «Балцы зарæг» мобилон æфтуан «Ирон чиныг»- æй спайда кæнгæйæ.

- Цæмæ байхъуыстам? (æмдзæвгæмæ)
- Æмдзæвгæтæ чи фæфыссы? (поэттæ)
- Ацы æмдзæвгæйы автор чи у? (Хетæгкаты Къоста)

*(равдисын Къостайы портрет)*

- Мах сымахимæ афæстаг рæстæг тынг арæх æмæ тынг бирæ дзырдтам йæ райгуырдæй Ирыстоны чи самондджын кодта, уыцы курдиатджын адæймаг – Хетæгкаты Къостай тыххæй. Сымах бакодтат тынг стыр æмæ алывæрсыг куыст, райстат бирæ ног зонындзинæдтæ, уæхи равдыстат зæрдæргъæвд æмæ цымыдисæй. Æмæ нæм абон цы ахсджиаг æмæ буц уазджытæ ис, уыдон уыдзысты бæлвырд æвдисæнтæ, сымах Къостайæн аккаг фæдонтæ кæй стут, умæн.

**II.** Сабитимæ ныхас Къостайы тыххæй (пайда кæнын презентацийы æрмæгæй ныхас куыд цæуы, уымæ гæсгæ).

- Кæм райгуырд Къоста?
- Чи уыдысты йæ мад æмæ йæ фыд?
- Чий йæ схаста?

- Къостайыл дзургæйæ мах тынг арæх фæзæгъæм дзырдтæ *«курдиат», «курдиатджын»*. Куыд æмбарут уыцы дзырд, цы у «курдиат»?

- Раст æй æмбарут!

- Цавæр курдиæтты хицау уыд Хетæджы фырт? (поэт, фыссæг, нывгæнæг, тæлмацгæнæг).

- Тæлмацгæнæг та чи у, куыд æй æмбарут?

- Куыд хуыйны Къостайы уацмысты фыццаг æмбырдгонд?

- Уæ зæрдыл ма æрлæууын кæнут йе 'мдзæвгæтæй йын кæцытæ зонут, уыдоны сæргæндтæ.

- Алагиры æмæ Дзæуджыхъæуы Къостайы номимæ цавæр бынæттæ баст сты?

- Куыд загътат, афтæмæй Къоста уыдис тынг курдиатджын нывгæнæг. Цы æвдыста йæ нывты? (æрдз, хуымæтæг адæмы цард).

- Раст загътат. Къоста æгæрон уарзтæй уарзта йæ райгуырæн бæстæ, йæ адæмы. Æмæ, куыд йе 'мдзæвгæты, афтæ йæ нывты дæр æвдыста Ирыстоны æрдзы рæсугъддзинæдтæ æмæ хуымæтæг ирон адæмы зынвадат цард.

*(кæсынц нывты репродукцитæм)*

**III.** Дидактикон хъазт «Базон-базон, ацы ныв кæцæй у?»

Сабиты фæдих кæнын дыууæ къордыл. Зæгъæм, чызджыты къорд æмæ лæппуты къорд. Алы къорд дæр æмбырд кæны иу баснямæ гæсгæ иллюстраци. Нывы хæйттæ ныхæст сты кубикты фæрстыл. Нывтæ æмбырдгонд куы æрцæуой, уæд сабитæ хъуамæ зæгъой басняйы сæргонд. Баснятæ «Халон æмæ рувас», «Брæгъ æмæ хърихъупп».

- Сабитæ, ацы баснятæ цавæр æвзагыл уыдысты фыст? (уырыссаг)

- Æмæ сæ уæдæ мах ирон æвзагыл кæй руаджы зонæм? (Къоста сæ ратæлмац кодта ирон æвзагмæ)

**IV.** Мнемонывтимæ куыст. Æмдзæвгæ «Фæззæг».

Хъомылгæнæг егъау экраныл æвдисы æмдзæвгæйы мидисмæ гæсгæ æвзæрст нывтæ.

- Сабитæ, лæмбынæг ма æркæсут ацы нывтæм æмæ зæгъут, уæ зæрдыл уын ницы æрлæууын кодтой? (Къостайы æмдзæвгæ «Фæззæг»)

- Раст. Уæдæ ма ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, æз ацы рæстæг ацы æмдзæвгæ цæмæн равзæрстон? (Афæдзы афонтæй фæззæг у)

- Иттæг раст! Къоста алы афæдзы афоны тыххæй дæр ныффыста æмдзæвгæтæ. Фæлæ ныртæккæ фæззæг кæй у, уый тыххæй æз дæр равзæрстон номхуындæй ацы æмдзæвгæ.

- Уæдæ ма йæ нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм æмæ, ацы нывтæй пайда кæнгæйæ, æмдзæвгæ строфагай радзурæм.

*(Сабитæ дзурынц æмдзæвгæ)*

- Тынг хорз. Куд загътат, афтæмæй ныр у фæззæг. Ранымайут-ма фæззæджы нысантæ.

- Раст сæ загътат. Бонтæ фенкъард сты, боныхъæд фæуазал. Сымах дæр уынджы афтæ бирæ рæстæг нал тезгъо кæнут, фылдæр хатт вæййут хæдзары. Зæгъут-ма, цы фæкусут, куыд фервитут уæ рæстæг? *(сабиты æрхæстæг кæнын ахæм дзуаппмæ: мультфильмтæм фæкæсæм, зæгъгæ)*

- Кæсын дæр хорз у. Фæлæ æз фехъуыстон æмæ сымах уæхæдæг дæр цавæрдæр мультфильм систат. Уый æцæг у?

- Тынг мæ фæндид уымæ бакæсын! Равдисдзыстут мын æй?

- Уæдæ кæсæм! Фæлæ фыццаг иучысыл не 'уæнгтæ азмæлын кæнæм, цæмæй бадынæй ма бафæллайæм.

**V.** Змæлгæ хъазт «Иумæ, иумæ хъазæм».

Рахизырдæм – къæрцъ-къæрцъ-къæрцъ,

Галиуырдæм – къæрцъ-къæрцъ-къæрцъ.
Иумæ размæ – гæпп-гæпп-гæпп,
Ныр та къæхтæй – тъæпп-тъæпп-тъæпп.
Иумæ, иумæ азгъорæм,
Иумæ, иумæ азилæм.
Иумæ мах гæпп-гæпп-гæпп,
Иумæ къæхтæй тъæпп-тъæпп-тъæпп.

**VI.** Бакæсын мультфильммæ «Цъиу æмæ сывæллæттæ».

*Егъау экраныл равдисынц иу скъуыддзаг æнæ хъæлæсы зæлтæй.*

- Æнхъæлдæн æмæ нæ техникæ цыдæр кодта, куы ницы дзы хъуысы.
- Ничи йæ зоны, ам цавæр ныхæстæ хъуамæ уа?
- Æмæ сæ чи дзырдта сымахæй?
- Фенæм ма дарддæр, кæддæра уым дæр хъæлæс нæ уыдзæн?

*Кæсынц æндæр скъуыддзагмæ æмæ та йын йæ ныхæстæ сæхæдæг дзурынц.*

- Зæгъут-ма, цавæр уацмысмæ гæсгæ систат ацы мультфильм?
- Ох, куыд тынг мæ фæндид йæ фенын! Æркæсут-ма, кæд, миййаг, искæцæй исты тел фæхауд?

*Æркæсынц, ссарынц чи фæхауд, уыцы тел æмæ йæ æмбæлгæ ран батъыссынц.*

- Мæнæ куыд дæсны стут! Цæй, уæдæ ныр бакæсæм нæ мультфильммæ.

*Иумæ кæсынц мультфильммæ.*

- Куыд хорз уын рауад! Куыд зæрдиагæй йæм бакастæн! Фидæны уæ хъуамæ хъуыстгонд режиссертæ, оператортæ æмæ актертæ дæр рауайа!

- Иу хатт ма мын æй мæ зæрдыл æрлæууын кæнут, цавæр æмдзæвгæмæ гæсгæ систат ацы мульфильм?

- Йæ автор та чи у?

- Чи сты æмдзæвгæйы архайджытæ?

- Цы æрцыди цъиуыл?

- Сывæллæтты цы фæндыди?

- Цъиуæн уый æхсызгон уыд, фæндыди йæ сабитимæ цæрын?

- Цæуылнæ?

- Куыд лæгъстæ кодтой сабитæ цъиуæн, цæмæй сæм ныллæууа?

- Цы уыдис æппын фæстаг, цы фæци цъиу?

- Раст бакодтой сывæллæттæ, кæй йæ æрцахстой? Кæй йæ ауагътой, уый та?

- Сымах та куыд бакодтаиккат?

- Мæ зæрдæ уæ райы! Сымах стут хæларзæрдæ æмæ тæригъæдгæнаг сывæллæттæ æмæ йæ зонын кæй никуы никæйы бафхæрдзыстут, уый.

- Фæлæ та раздахæм нæ мультфильммæ. Радзурут ма мын æй, куыд æй кодтат?

- Кæимæ архайдтат?

- Уæ куысты уæ цы бахъуыди, цавæр фæрæзтæй пайда кодтат, цæмæй архайдтат?

- Фыццаг æй куы бакодтам, уæд дзы цы нæ фаг кодта?

- Æнæ хъæлæсæй, æнæ ныхæстæй йын йæ мидис бамбæрстаиккам?

- Чи зоны, æмæ о, бамбæрстаиккам. Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, поэты ныхæстимæ, уæ зæланг хъæлæсты зæлтимæ уæ мультфильм у зынгæ аивдæр æмæ æнгасджындæр!

- Зæгъут-ма, ахæм куыст фыццаг хатт кодтат?

- Æмæ куыд хуындысты уыцы мульфильмтæ та?

- Уæд та цæмæй архайдтат?

- Уæ зæрдæмæ цæуы мульфильмтæ кæнын?

- Фидæны ма уæ фæнды исты сисын?

- Цæй тыххæй уыдзæн уыцы мультик та?

- Æмæ йæ куыд скæниккат, цæмæй уæ фæндид уыцы хатт бацархайын?

- Мæн фидарæй уырны уæ къухы кæй бафтдзæн, уый. Æмæ та йæм иумæ зæрдиаг æмæ æхсызгонæй бакæсдзыстæм.

**VII.** Хатдзæг.

- Нæ абоны фембæлд кæронмæ æрхæццæ. Зæгъут-ма, цы куыстам абон?

- Кæуыл æмæ цæуыл дзырдтам?

- Уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыди?

- Зын та уæм цы фæкасти?

- Æз уæ тынг разыйæ баззадтæн. Уæ бирæ зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинад æппæт сабитæн дæр сты фæзминаг. Нæ фембæлд кæй фæдыл уыдис, нæ уарзон адæймаг, сывæллæтты йæхицæй фылдæр чи уарзта – Хетæгкаты Къостайæн та стут аккаг фæдонтæ. Стыр бузныг! Хæрзбон, нæ иннæ фембæлдмæ!